

Pwoteje tèt ou, Florid!

Kounye a, plis moun ka jwenn èd pou peye pou asirans sante yo

Èd finansye a ogmante e gen plis moun ki ka jwenn li.

Gouvènman federal la fèk ogmante èd finansye a (sibvansyon) pou asirans sante vin pi bon mache atravè Affordable Care Act (ACA), oswa Obamacare.

Ou pa t kalifye pou jwenn èd finansye?

Lwa ACA a fèk chanje. Kounye a, gen plis moun ki kalifye pou jwenn èd. Sa gen ladan l moun ki te konn fè twòp kòb anvan ak moun ki ka jwenn yon asirans atravè anlwa yon lòt manm fanmi an.

Ou panse li gentan twò ta pou w enskri?

Nan chak sezon prentan, ou ka enskri nan yon plan asirans sante pou nouvo ane a. Sepandan, si w demenaje, si w marye, si w fèk gen yon tibebe, si revni w toupre nivo povrete federal la e l ap chanje souvan, oubyen pou lòt chanjman nan lavi w ki ka rive pandan ane a, ou ka enskri.

Ou pa konnen ki kote pou w jwenn èd?

Genyen anpil ajan asirans nan kominote w la. Yo ka ede w konprann opsyon w yo, yo ka ede w aplike pou yon èd finansye e yo ka ede w enskri. Ale sou sitwèb konpayi asirans prefere w pou jwenn youn. Epitou, ou ka travay avèk yon navigatè sante.

Jwenn plis enfòmasyon sou chanjman ki fèk fèt yo epi dekouvri ki èd finansye ou gendwa kalifye pou li a sou **GetCoveredFlorida.com**

269,000

se kantite moun nan eta Florid ki ka jwenn yon asirans atravè travay yo e ki gen rès fanmi yo ki kalifye kounye a pou jwenn yon plan ACA ak yon èd finansye.¹

9 sou 10

rezidan Florid ki enskri nan yon plan ACA te jwenn èd pou peye prim yo an 2022.²

\$0

se kantite kòb 174,000 lòt rezidan Florid ki pa asire te ka peye chak mwa pou prim asirans yo apre yo resevwa yon èd finansye.³

¹<https://www.kff.org/health-reform/issue-brief/the-aca-family-glitch-and-affordability-of-employer-coverage>

²<https://www.hhs.gov/about/news/2022/06/22/fact-sheet-what-happens-premiums-if-extra-help-american-rescue-plan-expires.html>

³Selon yon analiz estatistik ki fèt sou echantiyon mikwo-done pou itilizasyon piblik nan sondaj kominote ameriken yo an 2019 (Public Use Microdata Sample, PUMS), ak kèk ajisteman ki fèt akòz Covid-19 nan done sou kwasans Medicaid nan eta Florid ki soti nan Ajans pou Administrasyon Swen Sante a, nan done sou kwasans enskripsyon endividyèl ki soti nan rapò CMS sou peryòd enskripsyon ouvè a pou 2022 ak nan done sou moun ki pèdi anlwa yo ki soti nan Biwo Estatistik sou Travay la.